



## **Kijan pou Depoze yon Plent pou Vyolans Familyal Tribinal Siperyè nan New Jersey - Depatman Chansèlri - Seksyon Koze Lafanmi**

How to File an Amended Domestic Violence Complaint  
(Superior Court of New Jersey - Chancery Division - Family Part – Haitian Creole)

### **SI W AN DANJE IMEDYA rele 911 oswa Polis lokal ou a Kimoun Ki Gen dwa Itilize Blòk Done Sa a?**

**Pou fè yon amannman sou yon plent pou Vyolans Familyal itilize blòk done sa a, amannman fèt pou fèt sou plent la pou youn oswa plizyè nan rezon swivan sa yo:**

- Ajoute enfòmasyon adisyonèl konsènan ensidan ki lakòz ou depoze plent la pou yon lòd rete kanpe lwen.
- Akize a vyole lòd rete kanpe lwen a, ak/oswa komèt lòt zak adisyonèl de vyolans familyal epi w ta renmen ajoute zak sa yo sou plent la.
- Ajoute enfòmasyon adisyonèl konsènan vyolans familyal ant ou ak akize a ki fèt nan tan pase ki pat sou plent orijinal la.
- Ajoute non timoun ke w fè ak akize a ki pat sou plent orijinal vyolans familyal la ke w te deja depoze pou koze sa a.

**Remak:** Si w ta renmen fè amannman sou plent vyolans familyal tanporè a, ak/oswa sou TRO w an pou lòt rezon ki pa enimerè anlè a kankou mande rekou adisyonèl pou dwa vizit oswa sipò finansye, tanpri rele Seksyon Koze Lafanmi a nan sit konte a pou enstriksyon adisyonèl yo. Nimewo Telefòn pou Seksyon Koze Lafanmi nan chak konte make sou sit web [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

**Remak:** Se Biwo Administratif Tribinal Nyoudjèze ki prepare dokiman sa yo pou moun kap reprezante tèt ou. Gen chanjman ki fèt nan direktiv yo, eksplikasyon yo ak fòm yo chak peryòd pou montre dènye lwa Nyoudjèze ak règ tribinal yo. Dènye vèsyon **fòm yo** ap disponib nan palè jistis konte a oswa nan sit Entènèt Sistèm Lajistis [njcourts.gov](http://njcourts.gov). Men, se oumenm ki finalman responsab pou kontni tout dokiman tribinal yo.

Tout fòm konplete fèt pou soumèt atravè sistèm Judiciary Electronic Document Submission JEDS la nan Seksyon lokal Koze Lafanmi w an. W ap jwenn JEDS la sou sit web [njcourts.gov](http://njcourts.gov)

Tout plent, pètisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English

## Bagay pou Reflechi Anvan ou Eseye Reprzante tèt ou nan Tribinal

### Eseye Angaje Yon Avoka

Lalwa, prè v nesese yo pou prezante ka w an, ansanm ak tout règ pwosedi yo ki gouvène tout ka nan Seksyon Koze Lafanmi yo konplèks. Li rekòmande pou fè tout efò posib pou jwenn èd nan men yon avoka. Si w pa gen mwayen pou peye yon avoka, ou ta mèt kontakte pwogram sèvis legal nan konte w pou wè si w ta kalifye pou jwenn sèvis legal gratis. W ap jwenn nimewo telefòn yo an liy anba "Legal Aid" oswa "[Legal Services](#)."

Si w pa ta kalifye pou resevwa sèvis èd legal gratis epi w ta bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou kab kontakte asyosyasyon bawo nan konte w a. Pifò nan asyosyasyon bawo sa yo genyen yon sèvis ki rele [Lawyer Referral Service](#).

Sèvis County Bar Lawyer Referral la kab founi ak non avoka ki nan zòn ou a, epi ki dispoze pou jere tip dosye w an an patikilye epi ya p ba w konsiltasyon a pri redwi.

Gen divè òganizasyon manm avoka pou minorite atravè Nyoudjèze, ak òganizasyon avoka ki jere tip de dosye espesyalize yo. Mande youn nan anplwaye nan Seksyon Koze Lafanmi nan konte w a yon lis sèvis konsiltasyon ki enkli tout òganizasyon sa yo.

### Kisa Ou Ta Dwe Espere Si W Reprzante Tèt Ou Poukont Ou

Menmsi w gen dwa pou reprzante tèt ou poukont ou nan tribinal la, ou pa ta dwe espere tretman espesyal, èd oswa atansyon tribinal la. Sa ki anba la a se yon lis kèk bagay anplwaye tribinal la kapab epi pa kapab fè pou ou. Tanpri li lis la avèk anpil atansyon anvan ou mande anplwaye tribinal la pou ede ou.

- Nou *kapab* ba w eksplikasyon epi reponn kesyon ou yo sou fason tribinal la fonksyone.
- Nou *kapab* di w ki sa tribinal la egzije pou li konsidere dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk enfòmasyon ki nan dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk modèl fòm tribinal la ki disponib.
- Nou *kapab* gide w nan ranpli fòm yo.
- Nou *kapab* reponn kesyon ou yo anjeneral konsènan dat limit yo nan tribinal la.
- Nou *pa kapab* ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
- Nou *pa kapab* di w si w ta dwe ou pa, prezante yon ka nan tribinal.
- Nou *pa kapab* ba w yon pwendvi sou sa k ap pase si w prezante dosye ou nan tribinal.
- Nou *pa kapab* rekòmande yon avoka, men nou kapab ba w nimewo telefòn yon sèvis referans avoka zòn nan.
- Nou *pa kapab* pale avèk jij la sou sa k ap pase nan ka w.
- Nou *pa kapab* kite ou pale avèk jij la andeyò tribinal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon lòd jij la emèt.

## **Kenbe Kopi Tout Papye Yo**

Fè epi kenbe tout kopi pou tèt ou, antant alekri yo, Deklarasyon sou Enfòmasyon nan Dosye a, ak tout lòt papye enpòtan ki gen pou wè ak dosye w a.

## Definisyon kèk Tèminoloji ki itilize nan Ka Vyolans Familyal

**Sètifikasyon** (*Certification*) - Yon *sètifikasyon* se yon deklarasyon alekri ki prezante ba tribinal la lè w depoze tout papyè w yo, kote w jire ke enfòmasyon ki parèt sou papyè ou depoze yo vre ak sijè pèn de fè fo sèman si okenn nan deklarasyon sa yo ta fo entansyonèlman.

**Plent** (*Complaint*) - Yon *plent* se yon dokiman ofisyèl ki prezante nan tribinal la epi ki demare yon ka. Li gen ladann nòmalmman non pati yo ak tout kesyon w ap mande tribinal la deside.

**Manda/lòd tribinal** (*Court Order*) - Yon *Manda/Lòd tribinal* se desizyon alekri ke tribinal la emèt. Pa egzanp, yon manda/lòd tribinal konsènan pansyon alimantè timoun etabli ak ki frekans, konbyen epi ak ki tip de sipò w fèt pou peye

**Akize** (*Defendant*) - *Akize a* se pati yo asiye a nan yon ka sivil oswa pati ke yo akize a nan yon pouswit penal. Nan sèten tip de ka (kankou yon divòs) yo kab rele akize a Konparan.

**Nimewo rejis** (*Docket Number*) - *Nimewo rejis la* se nimewo deziye ki idantifye chak dosye ki depoze nan tribinal.

**Depoze** (*File*) - *Depoze* yon plent vle di prezante tout fòm apwopriye yo ba tribinal la pou li ka komanse konsidere demann ou a.

**FV** (*FV*) - Lèt tribinal la itilize pou idantifye yon lòd Vyolans Familyal pou kanpe lwen ak yon Lòd Pwoteksyon kont Agresyon Seksyèl.

**Sistèm pou Soumèt Dokiman Legal Elektwonik** (*Judiciary Electronic Document Submission (JEDS) system*) - *Sistèm JEDS la* se yon sistèm elektwonik kote pou depoze plent nan tribinal la. Avoka yo kab itilize sistèm JEDS la **sèlman** nan ka ki **pa** jere pa eCourts.

**Pati** (*Party*) - Yon *pati* se yon moun, biznes, oswa ajans gouvènmantal ki fè pati aksyon ki antame nan tribinal la.

**Plenyan** (*Plaintiff*) - Se pati ki inisye yon litij (ke yo rele tou aksyon) nan tribinal.

Pazaswiv nimewote ki endike anba la a di w ki fòm w ap bezwen ranpli ak sa pou fè avèk yo. Ou ta dwe tape chak fòm oswa ou ta dwe ekri aklè sou yo an lèt detache sou papyè blan 8 ½" x 11" sèlman. Ou pa ka ranpli fòm yo sou yon papyè ki gen diferan dimansyon oswa yon diferan koulè. Asire w ke w kenbe kopi tout dokiman ou yo.

## **Pazaswiv pou depoze yon Aplikasyon pou fè Amanman sou yon Plent Vyolans Familyal**

### **PA 1: Ranpli *Application to Amend Domestic Violence Complaint* (Aplikasyon pou fè Amanman sou yon Plent Vyolans Familyal - Fòm A)**

*Aplikasyon pou fè Amanman sou yon Plent Vyolans Familyal* se yon demann alekri kote w mande tribinal la pou l ajoute enfòmasyon adisyonèl sou plent vyolans familyal ke w te deja depoze nan tribinal la. Gen kat rezon sou lis aplikasyon pou fè amanman sou plent vyolans familyal la

Si w ta renmen fè amanman sou plent la ak/oswa yon lòd pou nenpòt ki rezon, tanpri rele Biwo Seksyon Koze Lafanmi konte kote yo te kòde w lòd la pou tout enstriksyon adisyonèl yo. Nimewo telefòn chak Biwo Seksyon Koze Lafanmi make sou sit web [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

### **PA 2: Tcheke tout fòm ki finn konplete yo epi fè kopi**

Tcheke fòm ou a epi asire w ke li konplete. Retire tout fèy enstriksyon yo. Asire w ke w siyen ak date fòm la.

### **PA 3: Telechaje tout dokiman ki konplete yo**

Telechaje blòk done konplete yo sou Sistèm Jidisyè pou Dokiman Elektwonik (Judiciary Electronic Document Submission (JEDS) System). Klike sou lyen ki swiv la pou plis enfòmasyon konsènan sistèm JEDS la (ki gen ladann Kesyon ki poze pi souvan yo (FAQs) ak kijan pou anrejistre ak itilize sistèm la: [njcourts.gov](http://njcourts.gov)

Ou kab telechaje tout fòm tribinal ou yo nenpòt kilè sou JEDS la. Wa va resevwa yon imèl konfimasyon de JEDS. Mèzalò, anplwaye Tribinal Siperye a ap kab pwosese demann ou an pandan lè nòmal de travay de 8:30 am a 3:30 pm. Anplwaye Seksyon Koze Lafanmi a, a va kontakte w pa telefòn oswa imèl nan inèdtan apati di moman yo resevwal li nan lè ouvab nòmal tribinal la. Pa egzanp, si ou soumèt demann ou a a 2 di maten, wap resevwa yon apèl oswa imèl de Seksyon Koze Lafanmi a, a 9:30 di maten.

Lè w ap chwazi yon konte kote pou depoze dokiman ou, chwazi konte kote yo te akòde w Lòd Kanpe Lwen Tanporè a.

### **Pa Swivan yo:**

Yon fwa yo finn resevwa imèl ou an nan Seksyon Koze Lafanmi a, yap pwosese demann ou an, epi ya va voye plent ki amande ba w ak Akize a.

### **Asire w byen ke enfòmasyon ou (nimewo telefòn, adrès kay ak imèl) a jou nan Seksyon Koze Lafanmi a.**

Remak: Aplikasyon sa yo aksepte nan Tribinal Siperye a sèlman. Yo pa aksepte yo nan Tribinal Minisipal yo ak/oswa departman lapolis.

W ap jwenn adrès tout tribinal yo sou sit [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

**Ki kote pou voye Ka w pa lapòs:**

Tout Pledè ki reprezante tèt yo kab soumèt tout lòt koze ki ta prezante atravè Sistèm Jidisyè pou Dokiman Elektwonik (JEDS). Ou kab jwenn JEDS sou sit web [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

**Enstriksyon sou kijan pou Ranpli Aplikasyon pou fè Amanman sou  
Fòm Plent Vyolans Familyal**

Instructions for Completing the Application to Amend Domestic Violence Complaint Form

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English

1. Mete non pati yo an lòd korèk sou liy ki make “*Plaintiff*” epi “*Defendant*”. Se w ki “*Plaintiff*” la, moun ke w ap denonse pou vyolans familyal nan plent la se “*Defendant*” la.
2. Sou bò dwat fòm la, make “*County*” kote w ap depoze aplikasyon a.
3. Ekri *Docket Number* (Nimewo rejis). W ap jwenn nimewo sa a sou lòd Tanporè Kanpe lwen a.
4. Nan premye paragaf la, make dat yo te akòde w lòd kanpe lwen a sou liy ki ant mo “*restraining order dated \_\_\_\_\_ to include*”.
5. Pou pwen 1, 2 epi 3, chwazi youn oswa plizyè nan rezon sa yo pou fè amanman sou plent la. Pou chak rezon ke w make, w ap bezwen ajoute tout detay konsènan ki enfòmasyon ki fèt pou ajoute sou plent la.

Pou pwen #4 la, enimere enfòmasyon pou nenpòt ki timoun ou ta renmen ajoute sou plent orijinal la.

**Remak:** Si w ta renmen fè amanman sou plent la ak/oswa lòd tribinal la pou nenpòt ki rezon ki pa parèt sou fòm la, tanpri kontakte Biwo Seksyon Koze Lafanmi pou tout enstriksyon adisyonèl yo. Ou ka jwenn Nimewo Telefòn Biwo Seksyon Koze Lafanmi chak konte sou sit web [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

6. Sou seksyon ki make *Certification* ekri non ou sou liy ki di “*I \_\_\_\_\_, certify...*”
7. Siyen ak mete dat la sou fòm la.

Superior Court of New Jersey  
Chancery Division - Family Part  
County of \_\_\_\_\_  
Docket Number: FV - \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Plaintiff  
v.  
\_\_\_\_\_  
Defendant

**Application to Amend  
Domestic Violence Complaint**

I am the plaintiff in the above matter, and I am requesting to only amend my complaint for a domestic violence restraining order dated \_\_\_\_\_ to include the below:

- 1. I would like to provide additional information about the act of domestic violence described in the original complaint. That information is provided here.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
  
- 2. Since I obtained the restraining order, the defendant violated the restraining order and/or committed additional acts of domestic violence. I have detailed what happened below.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
  
- 3. In the past, the defendant committed the following additional act(s) of domestic violence that was either reported or unreported to law enforcement and was not included in my original complaint.
  - a) Incident Date(s) \_\_\_\_\_  Reported  Unreported  
Incident Description:  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
  
  - b) Incident Date(s) \_\_\_\_\_  Reported  Unreported  
Incident Description:  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



4. The defendant and I have children together who were not included in the original complaint, (include name, sex, date of birth, person with whom child resides).

---

---

---

---

**Certification**

I \_\_\_\_\_ certify that the foregoing responses made by me are true. I understand that this amendment will **only** change my previously filed domestic violence complaint. The Temporary Restraining order remains in effect as issued. I am aware that if any of the foregoing responses made by me are willfully false, I am subject to punishment.

\_\_\_\_\_  
Date

s/  
\_\_\_\_\_  
Signature of Plaintiff